Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 29 (98934) 30 июль 2021 с. /Рузман 20 Зуль-хIиджа 1442 с./ багъа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru

*Спорт-инсанасул сахлъи*

## Пайдаяб дандчIваялда



22 июлалда «Казбек район» муниципалияб гIуцIиялъул бетIер ХIажимурад Мусаев дандчIвана Дагъистаналъул спорталъул министрасул заместитель Будун Будуновгун. Гьез гьоркьор лъурал суалаздасан цояб букIана районалда футбол цебетIезабиялъе шартIал чIезариялъул хIакъалъулъ.

Данделъиялда Б.Будуновас бицана жакъа къоялда республикаялда футбол цебетIезабиялда сверухъ цере чIарал масъалабазул хIакъалъулъ, футбол хIаялъе Дагъистаналъул районазда ва шагьаразда шартIал чIезаризе ккеялъул ва рехсараб суал бетIералде бахъинаби республикаялъул нухмалъулезул халгьабиялда букIиналъул.

Гьединго, данделъиялда борхана 2021 соналъул байбихьуда, Россиялъул футболалъул союзалъ ва Россиялъул спорталъул министерствоялъ Дагъистаналда футбол цебетIезабиялда хурхун, къабул гьабураб къотIи-къаялъул суалги.

Нилъеда лъала, нилъер районалда футболалъ гIолилазул гIумруялъулъ хасаб бакI ккоелеблъи, гьеб бокьулел ва хIалел гIемер рукIин. Пемер руго футбол хIаялъулъ лъикIаб махщел бихьизабулел гIолилалги. Гьез районалъул ва республикаялъул даражаялда тIоритIулел футболалъул къецазда гIахьаллъи гьабула ва гьенир лъикIал хIасилал рихьизаруна.

Районалда спорт цебетIезаби, гIадамаз спорталъулгун гьудуллъи кквей, гIолохъаби гьекъел-мехтелалдаса, наркотиказдаса ва цогидалги заралияб пишабаздаса цIуни ккола республикаялъе ва районалъе нухмалъулезул аслияб мурадлъун.

**Пресс-служба**

## ХIурматалъул цIар баркана



Дагъистан Республикаялъул Конституциялъул Къоялде тIадегIанаб сайгъатлъун ккана Хасавюрталда М. Батировасул цIаралда бугеб Олимпиялъул резервалъул спортивияб школалъул тренер, «Паркъухъ» росдал администрациялъул бетIер МухIамадрасул Палисултановасе, Республикаялъул нухмалъулев С. Меликовасул хIукмуялдалъун, щвараб «Дагъистан Республикаялъул физкультураялъул мустахIикъав хIалтIухъан» абураб ХIурматалъул цIар.

М. Палисултановасе шапакъат кьуна Минспорталъул нухмалъулев С. Сажидовас.

Нилъер районалъул бетIер ХI. Мусаевасги М. ПIалисултановасда ракI-ракIалъулаб барки загьир гьабуна ва тIолалго казбекалъулазе гьев сахаватаб гIумруялъул ва тIадегIанаб патриотизмалъул мисаллъун вугилан абуна.

**Д. БАТИЕВА**

## Вакцинация чара гьечIеблъун бихьизабуна

Гьаб моцIалъул 22 абилеб къоялъ «Казбек район» муниципалияб гIуцIиялда коронавирусалъул инфекциялде данде хIалтIи гьабиялъул оперативияб штабалъул данделъиялда гIадамазул цо-цо категориялъ вакцина, чара гьечIого, гьабизе кколаян чIезабуна. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер ХI.ХI.Мусаевас, заместителал И.И. Шабазовас ва З.Н.Эмеевас, ЦРБялъул бетIерав тохтур Р.Памиевас, эпидимиолог ГI.ГIумаровас, гьединго росабазул бутIрузги имамзабазги.

Данделъиялда кIалъараз нилъер районалда коронавирусалъул инфекциялдалъун кколел унтаби цIикIкIунел ругин бицана. Гьелда бан, къабул гьабуна вакцинация, чара гьечIого, гьабизе кколел гIадамазул категориязул сияхI. Гьелъул хIакъалъулъ мухIканго цIализе бегьула хадусеб гьумералда Н.Н.Павловасул постановлениялда.

**Д.БАТИЕВА**

*26 июль - Коституциялъул Къо*

## Дагъистаналъул Конституциялъул къо кIодо гьабун



ТIолалго дагъистаниязго гIадин, нилъер районцоязги кIудияб рохалида кIодо гьабуна Дагъистан Республикаялъул Конституция къабул гьабиялъул байрам. Гьеб хIисабалдеги босун, Культураялъул централъул хIалтIухъабаз, районалъул росабазул культураялъул рукъзабазул хIалтIухъабигун цолъун, тIоритIана рехсараб байрамалда хурхарал тадбирал.



Гьедин, «Дир Дагъистан» цIаралда гьоркь, районалъул батIи - батIияб гIелалъул лъималазда гьоркьоб, тIобитIана кучIдул цIалиялъул къецал, умумузул рукIарахьин ва гIадатал ракIалдещвезариялъул «ПодорчIеял», «Дагъистаналъул тарихалъул ва конституциялъул щиб нилъеда лъалеб?»-викторинаби, гьединго, районалъул музеялъул халгьабиялъул экскурсия ва цогидабги.

Рехсарал тадбирал тIоритIиялъул мурад букIана Конституция къабул гьабиялъ, республикаялда рекъел цIуниялъулъ, Кавказалда ва Россиялда Дагъистаналъул къимат борхизабиялъулъ ва миллатазда гьоркьоб маслигIат цIуниялъулъ бугеб цIикIкIараб кIвар бихьизаби.

Пун бачIунеб гIелалъул ВатIаналде, рижараб ракьалде ва умумузул тарихалде рокьи бижизаби.

**А.ДИБИРОВА**

### Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

*гьум. 2* Правительство проработает индексацию пенсий работающим пенсионерам

*гьум.3* ГIолилал цIуниялъул мурадалда

*гьум.4* Вакцинаялъукьа хIинкъизе ккеларо

# ПОСТАНОВЛЕНИЕ

*21 июля 2021 г* *№37*

*Махачкала*

**О проведении профилактических прививок отдельным группам граждан Республики Дагестан по эпидемическим показаниям**

Я, Главный государственный санитарный врач по Республике Дагестан Павлов Николай Николаевич, проанализировав эпидемиологическую ситуацию на территории Республики Дагестан отмечаю, что в республике наблюдается тенденция к росту заболеваемости новой коронавирусной инфекции.

Еженедельный прирост случаев за последние четыре недели составляет от 797 до 1380 случаев, в среднем ежедневно регистрировалось 197 случаев новой коронавирусной инфекции.

Среднесуточный темп прироста заболеваемости в республике достигает 0,51 %. Коэффициент распространения инфекции варьирует от 1,1 до 1,4.

Отмечается рост показателя заболеваемости среди возрастной категории лиц 60 и старше лет в динамике с 21.06.2021 по 18.07.2021 в 1,6 раза (с 80,7 до 127,1 на 100 тыс. населения данной возрастной группы), 30-59 лет в 1,7 раза (с 32,0 до 52,8), 65 лет и старше в 1,5 раз (с 57,3 до 85,8), 15-17 лет в 7,9 раза (с 2,2 до 17,4);

Доля студентов в структуре заболевших за этот период составляла от 0,4 % до 2,2 %, что свидетельствует о сохраняющейся напряженной эпидемиологической ситуации среди данного контингента. Доля работающих лиц составляет от 4,8% до 8,0%.

Продолжается рост заболеваемости внебольничной пневмонией за указанный период в 1, 7 раза (с 48,0 до 82,7 на 100 тыс. населения).

В связи с продолжающейся угрозой распространения новой коронавирусной инфекции, руководствуясь пунктом 6 части 1 статьи 51 Федерального закона от 30.03.1999 №52-ФЗ *«О санитарно-эпидемиологическом благополучии населения»*, статьей 10 Федерального Закона от 17.09.1998 № 157-ФЗ *«Об иммунопрофилактике инфекционных болезней»*, п.18.3 СП 3.1/3.2.3 146-13 *«Общие требования по профилактике инфекционных и паразитарных болезней»*, приказом Минздрава России от 21.03.2014 № 125н *«Об утверждении национального календаря профилактических прививок и календаря профилактических прививок по эпидемическим показаниям»* (зарегистрировано в Минюсте России 25.04.2014 №32115) п о с т а н о в л я ю:

1. Обеспечить проведение профилактических прививок по эпидемическим показаниям против новой коронавирусной инфекции (COV1D-I9) следующим категориям (группам) граждан, подлежащих обязательной вакцинации:

1.1. работающим па основании трудового договора, гражданско-правового договора в организациях, у индивидуальных предпринимателей, осуществляющих деятельность в сфере:

- здравоохранения;
- образования в т. ч. дополнительного образования спортивной направленности;
- социальной защиты и социального обслуживания;
- торговли;
- общественного питания;
- салонов красоты, косметических, СПА-салонов, массажных салонов, соляриев, бань, саун, физкультурно-оздоровительных комплексов, фитнес-клубов, бассейнов;
- бытовых услуг, в том числе прачечных, химчисток и иных подобных услуг;
- клиентских подразделений финансовых организаций, организаций, оказывающих услуги почтовой связи;
-многофункциональных центров предоставления государственных и муниципальных услуг;
- транспорта общего пользования, такси;
- жилищно-коммунального хозяйства и энергетики;
- культурных, выставочных, просветительских мероприятий (в том числе музеев, выставочных залов, библиотек, лекций, тренингов), за исключением официальных мероприятий, организуемых органами исполнительной власти;
- досуговых, развлекательных, зрелищных мероприятий (в том числе игровых мероприятий, мастер-классов);
- детских игровых комнат, детских развлекательных центров, детских лагерей дневного пребывания, иных мест проведения подобных мероприятий для несовершеннолетних в зданиях, строениях, сооружениях (помещениях в них), в том числе в парках культуры и отдыха, торгово-развлекательных центрах;
- театров, кинотеатров, концертных залов;
- массовых физкультурных, спортивных мероприятий.

1.2. государственным гражданским служащим, замещающим должности государственной гражданской службы Республики Дагестан, муниципальным служащим, замещающим должности муниципальной службы Республики Дагестан, работникам органов власти Республики Дагестан и подведомственных им организаций.

1.3. обучающиеся в профессиональных образовательных организациях и образовательных организациях высшего образования старше 18 лег.

1.4. лица, проживающие в организациях социального обслуживания.

1.5. сотрудники государственных контрольных органов в пунктах пропуска через государственную границу.

1.6. работники рыболовецких и промысловых судов.

2. Руководителям организаций, индивидуальным предпринимателям, осуществляющим деятельность на территории Республики Дагестан, в сферах, установленных пунктом 1 настоящего Постановления:

2.1. представить в медицинские организации по месту расположения объекта списки работающих.

2.2. в срок до 09.08.2021 организовать проведение профилактических прививок первым компонентом или однокомпонентной вакциной, а в срок до 30.08.2021 - вторым компонентом вакцины от новой коронавирусной инфекции, прошедшей государственную регистрацию в Российской Федерации;

2.3. усилить информационно-разъяснительную работу среди работников, сотрудников по вопросам профилактики новой коронавирусной инфекции (COVID-19), обратив особое внимание на необходимость проведения прививок, преимуществах вакцинопрофилактики новой коронавирусной инфекции (COVID-19), как наиболее эффективном профилактическом мероприятии, используя наглядную информацию.

3. Пункт 1 настоящего Постановления не распространяется на лиц, имеющих противопоказания к профилактической прививке против новой коронавирусной инфекции (COVID-19) в соответствии с п. п. 2.10, 2.11 Методических рекомендаций *«Порядок проведения вакцинации вакциной ГАМ-КОВИД-ВАК против COVID-19 взрослого населения»* и п. 6,3 стандартной операционной процедуры *«Порядок проведения вакцинации против COVID-19 вакциной ЭпиВакКорона взрослому населению»* (направлены письмами Минздрава России от 20 февраля 2021 № 1/И/1-1221 и от 21 января 2021 г. № 1/и/1-332.) и Инструкции Министерства здравоохранения Российской Федерации по медицинскому применению лекарственного препарата КовиВак (Вакцина коронавирусная инактивированная цельновирионная концентрированная очищенная).

4. Правительству Республики Дагестан:

4.1. обеспечить проведение иммунизации против новой коронавирусной инфекции (COVID-19) лиц, указанных в пункте 1 настоящего Постановления.

4.2. обеспечить контроль за представлением индивидуальными предпринимателями и организациями всех форм собственности, осуществляющих деятельность в сферах, установленных пунктом 1 настоящего Постановления, в медицинские организации по месту расположения списков работающих.

4.3. определить потребность в вакцине, холодильном оборудовании, прививочных бригадах, прививочных пунктах, дополнительно привлекаемых медицинских работниках, необходимых для выполнения цели с учетом охвата вакцинацией лиц, указанных в пункте 1 настоящего Постановления

4.4. разработать планы и графики иммунизации по дням в разрезе медицинских организаций с учетом поставленной цели.

4.5. обеспечить развертывание пунктов вакцинации против новой коронавирусной инфекции (COVID-19) в необходимом количестве в медицинских организациях, по месту работы, учебы прививаемых, на общественных пространствах с привлечением мобильных выездных прививочных бригад в соответствии с установленными требованиями.

4.6. организовать подворные обходы (при необходимости) для иммунизации маломобильных лиц.

4.7. обеспечить надлежащие условия транспортирования и хранения вакцин новой коронавирусной инфекции (COVID-19) и безопасность иммунизации в соответствии с санитарно-эпидемиологическими правилами СП 3.3.2.3332-16 *«Условия транспортирования и хранения иммунобиологических лекарственных препаратов», СП 3.3.2342-08 «Обеспечение безопасности иммунизации»,* СП 3.1.3671-20 *«Условия транспортирования и хранения вакцины для профилактики новой коронавирусной инфекции (COVID-19) Гам-Ковид-Вак».*

4.8. обеспечить еженедельное представление отчетности об иммунизации против новой коронавирусной инфекции (COVID-19) в разрезе каждого муниципального образования, а в г. Махачкале - в разрезе медицинских организаций в отдел надзора за инфекционными и паразитарными заболеваниями Управления Роспотребнадзора по Республике Дагестан.

4.9. организовать проведение активного информирования населения о преимуществах вакцинопрофилактики новой коронавирусной инфекции (COVID- 19), как наиболее эффективном профилактическом мероприятии.

5. Начальнику отдела надзора за инфекционными и паразитарными заболеваниями Управления Роспотребнадзора по Республике Дагестан, начальникам территориальных отделов, их заместителям и представителям в районах обеспечить контроль за организацией и проведением иммунизации против новой коронавирусной инфекции (COVID-19).

6. ФБУЗ «Центр гигиены и эпидемиологии в Республике Дагестан организовать проведение активного информирования населения о преимуществах вакцинопрофилактики новой коронавирусной инфекции (COVID- 19), как наиболее эффективном профилактическом мероприятии.

7. Контроль исполнения настоящего постановления оставляю за собой.

***Н.Н. ПАВЛОВ,***
***главный государственный санитарный врвч по РД***

## *Правительство проработает индексацию пенсий работающим пенсионерам*

Ряду министров дано поручение проработать вопрос о включении в бюджет на 2022 год индексации пенсий для работающих пенсионеров, сообщает 23 июля *«РИА Новости»* со ссылкой на источник в Российской трехсторонней комиссии по регулированию социально-трудовых отношений (РТК).

Речь, в частности, идет о главах Минтруда, Минфина и Минэкономразвития РФ Антоне Котякове, Антоне Силуанове и Максиме Решетникове.

*«Котякову, Силуанову и Решетникову дано поручение проработать данный вопрос по индексации пенсий для работающих пенсионеров для включения в бюджет следующего года»,* — рассказал собеседник агентства.

По его словам, ведомства вместе социальными партнерами проработают вопрос необходимости обеспечения индексации пенсий данной категории россиян.

При этом собеседник агентства подчеркнул, что вопрос в настоящий момент пока не решен, поскольку ответ не получен.

В России с января 2016 года действует закон об отмене индексации пенсий работающим пенсионерам

В июне Федерация независимых профсоюзов России (ФНПР) обратилась к президенту РФ Владимиру Путину с просьбой решить вопрос с индексацией пенсий работающим пенсионерам. В письме отмечалось, что правительство пока не одобрило ни один из законопроектов касаемо индексации пенсий и не внесло свой вариант для обсуждения.

***Интернет***

*Инсан ва гIумру*

# ЖамагIатчи Камил

***«Чапар» газеталъул гьурмазда редакциялъ рахъулел руго районалъул, росабазул гIумруялъулъ жидеца цIикIкIараб бутIа лъурал нухмалъулезул, ракIбацIцIадго хIалтIарал мухъилал хIалтIухъабазул, жамгIияб гIумруялъулъ жигарал гIахьалчагIазул хIакъалъулъ макъалаби.***



ГЬоркьехун бицен гьабулев Садикъов Камил НургIалиевич ккола батIи-батIиял хIалтIабазда ракIбацIцIадго хIалтIарав, яхI-намус цIикIкIарав инсан. Гьев гьавуна 1935 соналъ Гуни росулъ рекьарухъабазул хъизаналда. ГьитIинаб къоялдасаго бижана Камилил захIматалдехун рокьи, ракIбацIцIалъи, гьудул-гьалмагълъиялдехун божилъи ва ритIухълъиялъул гIамалал. Гьесул захIматалъул нух байбихьана 1952 соналда **«ЦIияб гIумру»** колхозалда мухъилав колхозчилъун.

1972 соналда МахIачхъала шагьаралда, росдал магIишаталъул специалистазе хасаб гьоркьохъеб лъай кьолеб техникумги лъугIизабун, Камилица хIалтIизе байбихьана **«ЦIияб гIумру»** колхозалъул председателасул заместительлъун. Хадусел соназ хIалтIана Мехлесхозалда, ПМК-782 ялда, Казбекалъулаб мехотрядалда, гъутаналда бугеб отделениялъул управляющиясул заместительлъун, гIиял фермаялъул заведующийлъун ва цогидалги хIалтIабазда.

1997 соналдаса Камил вуго пенсиялда. Пенсиялде унин, гьев хIалхьиялда чIечIо, байбихьана халкъалъе хIажатал хIалтIаби гьаризе. Гьедин, Камилил жиндирго гIарцудалъун, бана Басрияб Миякьо росдада гIагарлъухъ бугеб «Исису» бухIараб лъел иццухъ унтаразе санагIалъиялъе болъаби.



2003 соналда Львовский №6 отделениялда бана цIияб мажгит.

Камилица гьабунин абизе бегьула росдал «умумузул» мажгиталъе капиталияб ремонт. Гьес жигараб гIахьаллъи гьабуна киналниги санагIалъаби жанир ругеб зигара балеб рукъ баялъулъ.

Пемерал соназ Камилица, делянкаби ричун росун, хIадур гьаруна хобалазул хъарщал. Цогидал росуцоялгун цадахъ, хъарщал хIадур гьаризе, хабалалъ лъуна пилорама.

Цоги гьес, ремонт гьабун, гIатIид гьабуна руччабазул мадрасаялъул кухня. Камил киданиги камуларо росдал администрациялъ гьарулел нухал къачIаялъул, лъим бачиналъул хIалтIабазулъ. ПалхIасил, росулъ цониги хIалтIи букIунаро, гьесул гIахьаллъи гъорлъ гьечIеб.

Гуни росдал жамагIатчагIи Хасай Булачовас, ГIисхIакъ НагIатовас, Бексултан Исламовас, ХанмухIамад ХIайбулаевас, вацал Салимхан ва Мусайхан Нугъаеваз бицухъе, Камил вуго ракIбацIцIадав, цIикIкIараб жавабчилъиялъул, тIаде босараб иш мухIкан тIубалев инсан. Гьесухъ балагьараб мехалда, кидаго бихьула роцIараб гьумер, разияб гьими.

Камилица, Макка шагьаралде сапар гьабун, 5 нухалда борхана хIеж. Камилицаги лъади СугIайдатицаги гIезаруна ва тарбия кьуна, жалго гIадин, захIмат бокьулел, халкъалъе пайдаял 3 васасеги 3 ясалъеги.

Камилил хъизаналъул кIудияб адаб-хIурмат гьабула Гуни росдал гIадамаз.

***И. ИДРИСОВ***

# Садикъил вас Камилиде

СиратIалъул кьодасан кьабун чIван ине сабаб,
Дунялалда щокъазул щибаб къойил баркала.
Дуца лъурал болъахъан хьвади рекIее гIураз,
Дунялги ахиратги - дуе гьарараб дугIа.
Добе цадахъ босулеб къого натI бозилалъул,
Гьел кантIизе мисаллъун ватаги Сидикъил вас.
Къеда чIвараб хъарщиялъ нугIлъи гьабулеб дуе,
Доб махIшаралъул къоялъ ЖужахI хIарамлъиялъе.
ХIалчIахъаги, бихьинчи, баги дуца нусго сон,
Сакъат ккаразе кумек - камилаб сахаватлъи.
Дур росдал агьлуялъе, гIезаврав инсуе,
Баркала кьун, кечI хъварав ЖабрагIилилги салам.

*Халитил вас ЖабрагIилхIажи,*
*Унсоколо район, ИнкIкIвалитIа росу*

*Ниж наркоманиялде данде*

# ГIолилал цIуниялъул мурадалда



Жакъа къоялда бищунго аслиял масъалабазул цояблъун ккола гIолилазда гьоркьоб наркомания тIибитIиялъул суал. ЦIех-рехазул хIасилазда рекъон, Россиялда араб 2020 соналъ, наркоманазул къадар бахун буго 460000 чиясде. Гьездасан, лъагIалида жаниб 7000 чи къадаралде щолев вуго. Дагъистаналдайин абуни, наркотикал ва цогидалги мехтизарулел жал хIалтIизарулезул къадар 23000 чиясде бахун буго.

Къойидаса-къойиде гучлъулеб буго наркотикал ричулезул ва гьел тIиритIизарулезул къуват. ХIатта, росабалъцин гIемерлъун руго, гьел хIалтIизарулел гурелги, гьел гIезарулелги. Бищунго ургъел гьабизе ккараб иш буго наркоманаллъунги гьел тIиритIизарулеллъунги, ахираб заманалда, бихьиназдаго цадахъ руччаби, раккулел рукIин. Россиялъул наркотиказде данде къеркьолеб федералияб хъулухъалъул баяназда рекъон, наркотиказул даран-базар гьабулезул щивав анлъабилев чи кколей йиго чIужугIадан. Гьедин, Дагъистаналда щуго соналда жаниб тамихIалде цIан йиго анлънусгоглIанасей чIужугIадан.

Дагьал церегIан къояз, Дилим росулъ тIобитIараб мажлисалда росдал имамас, кIвар кьун, бицана нилъер районалдаги черхалъе заралияв жал хIалтIизарулел гIолилазда гъорлъ ясал камун гьечIин ва гьелде данде къеркьеялъе, чара гьечIого, рокъоб умумуз, школазда мугIалимзабаз, районалъул диниял церехъабаз, росабазул ва учреждениязул нухмалъулез, нахъаса къотIичIого, бичIчIикьеялъул хIалтIи гьабиялъул бугеб кIваралъул.

Гьеб социалияб балагьалде данде къеркьеялъул цебесеб кьерда буго районалъул наркотиказде дандечIеялъул комиссияги. Гьезул хIаракатчилъиялда, гIемерал тадбирал тIоритIана ва тIоритIулелги руго районалъул гIолилал наркотикал хIалтIизариялдаса ва гьел такъсирчилъиялде ккеялдаса цIуниялъе.

Масала, гIуцIун руго школазда цIалдохъабазе наркотиказул бугеб заралалъул бицунел хасал программаби, тIоритIулел руго батIи-батIиял темабазда классалъул сагIтал, гургинал столал ва цоги-цогидалги инсанасул сахлъиялъе ва гIумруялъе гьезул заралалъул бицунел бичIчIикьеялъул тадбирал. РехсечIого гIоларо, хасго гьеб хIалтIи гьабиялъулъ кIудияб бутIа лъола физкультураялъулгун спорталъул туризмалъул ва гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул, ОМВДялъул хIалтIухъабаз, **«Казбек районалъул гIолилал»** гIуцIиялъ ва гь.ц. Лъалеб букIахъе, цересел соназги нилъер районалда цо чанго акция тIобитIана гIалхул габани (конопля) бижулел бакIал лъазариялда ва гьеб тIагIинабиялда сверухъ. Гьаб соналъги гьел акцияби тIоритIулел руго. Гьедин, Дилим росдада гIагарлъухъ 50 содихалдаса габани хвезабуна. ГьединалгоакцияботIоритIизе руго районалъул цогидал бакIаздаги. БакI-бакIазда чIезарулел руго наркоманиялде дандечIеялда, гьел хIалтIизариялъ кьолеб заралалда хурхарал игIланал, плакатал ва гь.ц бичIчIикьеялъул алатал.

ХIажат буго умумузги гьеб суалалде хасаб кIвар кьезе. Агъаз гьечIого, нилъеца лъимал тани, гIун бачIунеб гIел букIине буго я жидеего, я гIадамазе, ялъуни пачалихъалъе кинабгIаги пайда гьечIеблъун. Жидер лъималазда, тухумалда гьеб гъваларилан ракIчIун рукIине бегьуларо. Киназдаго тIадаб буго наркомания гьукъиялъе жидедаго бажараараб хIалтIи гьабизе. Гьелъул гудракье ккарал ккола нилъер районцоял, ракьцоял-дагъистаниял.

***Асият ДИБИРОВА***

# Рищалаби унтараб мехалъ

Дир эбелалъул халатбахъараб заманалъ рахIат хвезабун букIана накабазул унтиялъ. Врачаз лъуна артрит, рищалабазул воспаление абураб диагноз. Цо-цо къо букIунаан, унтул кутакалъ, гьелда гIодой чIаралъуса тIаде яхъинецин кIвечIеб. ГьабичIеб даруги нижеца гьелъие течIо: я больницаялда егизаюна, я уколал гьаруна, дараби гьекъезаруна, хирияв мазал рахана. Гьай-гьай, гьеб киналъго кумек гьабулаан, амма къокъаб заманалъ, ва унти нахъеги багъарулаан. Гьеб мехалъ гьелъие я къад, я къаси хIалхьи букIунароан. ЙилълъанхъизегIанса хIалтIизабулаан, цо-цо мехалъ кIиябго къвалакь тIилалги чIвазе кколаан.

Цо нухалъ хIалтIуда бицен ккана рищалабазул унтиялъул. Гьедин, цадахъ хIалтIулезул цояс бицана, кутакалда бохдул унтун, жиндир мадугьал чанго соналъ рокъоса къватIиецин яхъунароанилан. Цо къоялъ жан-жигаралда гьей къотIноймдандчIвайдал, жив цIакъ гIажаиблъанила, кинаб дару данде ккарабин гьикъанила. Жиндие гьадинаб къагIидаялъ кумек гьабунилан бицана: картошкаялдаса тIирщ бетIила (гIурччинаб гуреб, хъахIаб). ТIирщазул цIураб банкаялъубе тIела спирт, яги гIаракъи, гьел рацизегIан, 2 анкьалъ бецIаб, хинаб бакIалда тела. Цинги гьеб настойка, унтараб бакIалда бахун, лъулъала, яги гьелъул компрессги гьабун, тIад хинаб (квасул) чIортоги жемун, кьижила. Компресс рогьинегIан тела.

Гьеб даруялъул хIакъалъулъ лъайдал, нижер хIукму ккана гьеб эбелалъеги гьабизе. Анкьидасан унти къотIана, кьижизе кIоларого йикIуней эбелги, лъимер гIадин, кьижун ккана. Гьанжейин абуни, гьей, гIанса гьечIого, йилълъуна. Гьеб ккола нижер кIудияб бергьенлъи.

Гьединго, хIисабалде босизе бегьула хIамагагаялъул (одуванчик) настойкаги. Бащдаб литра тIолеб банка (цIакъго лъикIаб букIина бецIаб шиша) хIамагагаялъул тIугьдузул цIезабила. ТIаде спиртги тIун, 2-3 анкьалъ бецIаб бакIалда тела.

Рищалабазул унти байбихьарабго, хъатинибе босун, хIамагагаялъул настойка унтараб бакIалда бахина, хIатIаздаса накабазде щвезегIан, къоялда жаниб кIиго нухалъ. Лъулъала настойка гъорлъ босун, тIом тIубан бакъвазегIан.

***«ЗОЖ» журналалдаса босараб***

## Вакцинаялъукьа хIинкъизе ккеларо



Жакъа къоялдаги дунялалдаго хIал лъолеб буго коронавирусалъул унтиялъ. Гьеб гIодоцина халкъалъ вакцинация гьабураб мехалъан бицунеб буго медицинаялъул гIалимзабаз. Амма гIадамал гьелъукьа цIакъ хIинкъулел руго. ХIинкъуларо унтизе! Вакцинаялъул зараралъул хIакъалъулъ цIакъ гIемерал кьучI гьечIел биценал руго. ПIемерисезда гьеб гьанже бичIчIулебги буго.

Гьедин нилъер районалда, 18 июлалде щварал баяназда рекъон, вакцинаялъул прививка гьабун буго 2841 чияс. Бищунго кIудияб гIахьаллъи вакцинациялъулъ гьабун буго Дилим росдал захIматчагIаз. Гьениб буго бищунго цIикIкIараб къадар прививка гьабуразул, кIиабилеб бакIалда буго Дубки ва лъабабилеб бакIалда – Ленинаул росу.

Короналъул вирусалъул квачIикьа хIалица рорчIараз, медиказ нилъ ахIулел руго вакцинаялъул прививка гьабизе. Гьелъ гурони, вирус тIагIинабиларо.

**Д.БАТИЕВА**

### Вакцинациялъул хIакъалъулъ цо-цо гIадамазул гьадин бицана:

**ГIабдулмуслимов Анварбег ХIабибович**, Дилим росу, 74 сон, пенсионер.

Араб соналъул ноябрь моцIалда МахIачхъала шагьаралда диего медицинаялъулаб хал-шал гьабулаго (УЗИ), гьуърузул 25 процент жагьаллъун батана. Тохтурасул бихьизабиялда рекъон, дица 12 къоялъ рокъоб дару гьабуна.

Хадусан кьурал анализаз дида коронавирусалъул унти гьеч1илан чIезабуна. Гьелда гIей гьабун чIечIого, поликлиникаялде ун, дица 13 июлалда Гам- Ковид- Вак вакцина гьабуна.

Жакъасеб къоялде щвезегIан, дир сахлъиялъул квешаб рахъалде ккараб лъалеб хиса - баси гьечIо. Дидаго ракIалде ккун буго, гьелъул гIаксалда, вакцина гьабун хадуб тIагIанин гIиндузда жаниб букIараб хъуй, рукIалиде бачIанин бидул тIадецуй.

Дица киналниги районалъул гIадамал ахIула вакцинация гьабизе.

.........................................

**ГIусманов ГIусман Мимулатович**, Дилим росу, 58 сон, ветеринарияв хIалтIухъан.

Дун хIалтIулев вуго Калининаул росулъ ветфельдшерлъун. ХIалтIул заманалда гIемер ккола хурхен батIи-батIияв гIадамалгун. Коронавирусалъ унтарасулгун бухьен ккезе бегьулеблъи хIисабалде босун, дица, ракIалъ къотIун, хIукму гьабуна вакцинация гьабизе.

Вакцинациялъул хIакъалъулъ дунялалдаго рицунел руго цоцазде дандего кколарел харбал. Вакцина гьабун хадуб дир сахлъиялъе лъалеб хиса-баси ккечIо.

ХIурматиял районцоял!

Божуге нуж вакцинаялъул хIакъалъулъ рицунел харбазда. АхIула киналго гьеб гьабизе.

.........................................

**ГIабдуева Маржанат Исубовна**, Буртунай росу, 44 сон, социалияй хIалтIухъан.

Дун ккола КЦСЗНалъул унта-щокълъаразе, ригь аразе рокъоб хъулухъ гьабиялъул хIалтIухъан. Жиб-жиб къоялъ дун гьезда тIаде щвезе ккола.

Бокьаниги бокьичIониги, хъулухъ гьабулезулгун хурхен гьабизе ккола. Гьелъ дица гьаб соналъул март моцIалда Гам - Ковид-Вак вакцина гьабуна.

Цоги, дида бицунеб рагIана Америкаялъул Нью-Йорк шагьаралъул бетIерас, коронавирусалъ унтаразул къадар цIикIкIунеб букIиналъ, лъазабун бугин 15 сентябралде щвезегIан киналниги социалиял хIалтIухъабазе, мугIалимзабазе, полициялъул, медицинаялъул хIалтIухъабазе вакцинация гьаби лъугIизе кколилан.

Дица нуж ахIула вакцинация гьабизе.

**И. ИДРИСОВ**

# Прокуратура сообщает...

Прокуратурой района утверждено обвинительное заключение по уголовному делу в отношении председателя сельско-хозяйственного производственного кооператива «Победа».

Он обвиняется в совершении преступления, предусмотренного ч. 2 ст. 145.1 УК РФ (полная невыплата свыше двух месяцев заработной платы, пенсий, стипендий, пособий и иных установленных законом выплат или выплата заработной платы свыше двух месяцев в размере ниже установленного федеральным законом минимального размера оплаты труда, совершенные из корыстной или иной личной заинтересованности руководителем организации, работодателем - физическим лицом, руководителем филиала, представительства или иного обособленного структурного подразделения организации).

По версии обвинения он, в нарушении ст. 22 ТК РФ и ст. 136 ТК РФ, допустил образование задолженности перед работниками сельскохозяйственного производственного кооператива «Победа» на общую сумму 1 563743 рубля за период с 07.03.2018 по 15.06.2021 года, ущерб полностью возмещен в ходе предварительного следствия.

Уголовное дело 23.07.2021 направлено в мировой суд судебного участка № 56 Казбековского района для рассмотрения по существу.

## О запрете выжигания сухой травянистой растительности!

С наступлением лета и установлением жаркой погоды возрастает количество несанкционированных выжиганий сухой травянистой растительности, что не редко приводит к пожарам в городах и селах. Хотелось бы обратить особое внимание граждан на недопустимость пала сухой травянистой растительности и ответственность, предусмотренную законодательством.

*«Правила противопожарного режима в Российской Федерации»*, утвержденные Постановлением Правительства Российской Федерации от 16.09.2020 № 1479 (далее по тексту - Правила), направлены на обеспечение уменьшения количества возгораний сухой травянистой растительности, мусора и стогов сена, зачастую горение которых распространяется на жилые дома и строения, нанося материальный ущерб, а также ущерб законным интересам граждан и государства.

В соответствии с обязательными Правилами - Правообладатели земельных участков (собственники земельных участков, землепользователи, землевладельцы и арендаторы земельных участков), расположенных в границах населенных пунктов и на территориях общего пользования вне границ населенных пунктов, и правообладатели территорий ведения гражданами садоводства или огородничества для собственных нужд **обязаны** производить своевременную уборку мусора, сухой растительности и покос травы.

Границы уборки указанных территорий определяются границами земельного участка на основании кадастрового или межевого плана.

**Запрещается** использовать противопожарные расстояния между зданиями, сооружениями и строениями для складирования материалов, мусора, травы и иных отходов, оборудования и тары, строительства (размещения) зданий и сооружений, в том числе временных, для разведения костров, приготовления пищи с применением открытого огня (мангалов, жаровен и др.) и сжигания отходов и тары.

На территориях общего пользования, прилегающих к жилым домам, садовым домам, объектам недвижимого имущества, относящимся к имуществу общего пользования садоводческого или огороднического некоммерческого товарищества, а также в лесах, лесопарковых зонах и на землях сельскохозяйственного назначения запрещается устраивать свалки горючих отходов.

Правообладатели земельных участков (собственники земельных участков, землепользователи, землевладельцы и арендаторы земельных участков) сельскохозяйственного назначения должны принимать меры по защите сельскохозяйственных угодий от зарастания сорной растительностью и своевременному проведению сенокошения на сенокосах.

Запрещается в границах полос отвода и придорожных полосах автомобильных дорог, в границах полос отвода и охранных зонах железных дорог, путепроводов и продуктопроводов выжигать сухую травянистую растительность, разводить костры, сжигать хворост, порубочные остатки и горючие материалы, а также оставлять сухостойные деревья и кустарники.

Также, хочется отметить, что согласно Постановлению Правительства Республики Дагестан № 273 от 13.08.2012 уничтожение сухой травянистой растительности разрешается только без огневыми способами, кроме случаев, предусмотренных законодательством РФ, то есть - самовольное сжигание ее **категорически запрещено!**

Хочется обратить внимание, что в соответствии с ч. 1 ст. 20.4 КоАП РФ нарушение данных Правил **влечет** предупреждение или наложение административного штрафа на граждан в размере от 2000 до 3000 тысяч рублей; на должностных лиц - от 6000 до 15000 рублей; на лиц, осуществляющих предпринимательскую деятельность без образования юридического лица, - от 20000 до 30000 рублей; на юридических лиц - от 150000 до 200000 рублей.

Также, в соответствии с ч. 6 ст. 20.4 КоАП РФ за нарушение требований пожарной безопасности, повлекшее возникновение пожара и уничтожение или повреждение чужого имущества либо причинение легкого или средней тяжести вреда здоровью человека, - **влечет** наложение административного штрафа на граждан в размере от 4000 до 5000 рублей; на должностных лиц - от 40000 до 50000 рублей; на юридических лиц - от 350000 до 400000 рублей.

Уважаемые жители города и районов, если Вы оказались свидетелями природного пожара, горения сухой травянистой растительности сообщите об этом по номеру телефона пожарной охраны *«101»* или в единую службу спасения *«112»*.

**Заместитель начальника ОНД и ПР №10
по г. Хасавюрт, Хасавюртовскому,
Новолакскому и Казбековскому районам
майор внутренней службы Н.К. НАСРУДИНОВ**

**БетIерав редактор:**
И.Б.Салимханов
**55-48-94**
**Заместитель:**
Д.ХI. ГIабдулахIитова
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
Ибрагьим Идрисов,
Динара Батиева,
Асият Дибирова
**Набор:**
Меседо ХIайбаева
**Верстка:**
Марьям АтавхIажиева,
Зайнап ГIабдулмуслимова

Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда

Типографиялъул адрес:
367032, РД
МахIачхъала шагьар
Насрудиновасул къватI №61

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул(издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Индекс: 51354
Тираж 1133, багьа - эркенаб

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД
19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола